

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa mibanda sawatara fungsi anu penting. Salah sahiji fungsi basa téh nyaéta fungsi imajinatif, nu bisa ngébréhkeun kaéndahan. Fungsi imajinatif téh fungsi nu ngalantarankeun rasa éndah dina ngagunakeun basa. Tujuanna sangkan nu maké basa meunangkeun kasugemaan batin sanggeus maké basa.

Kasugemaan tina éndahna basa, bisa kapanggih dina wangun karya sastra. Karya sastra mangrupa wadah dina ngébréhkeun ide atawa pikiran pangarang nu ngagunakeun basa, minangka alat dina nepikeun keretegna ka nu maca. Boh éta dina wangun tulisan boh wangun lisan.

Sangkan leuwih jéntré medar istilah sastra, ayeuna dipedar heula harti léksikal sastra numutkeun KBS (Danadibrata, 2015 kc. 615) ”**Sastra sskr.** tulisan atawa buku; **kasusastraan** kabinangkitan, ngatur catur ngaréka basa atawa kumpulan buku anu hadé basana jeung alus eusina, ...”. sanajan heureut, bisa dihartikeun yén sastra téh tulisan atawa lisan anu hadé basana jeung alus eusina. Demi kasustraan mangrupa kumpulan tina karya-karya sastra jeung pedaranna. Sagigireun éta ogé, sastra dina enas-enasna mah mangrupa carita rékaan boh prosa, puisi, boh drama. Prosa minangka salah sahiji wangun karya sastra, dina istilah kasusatraan ogé disebut fiksi. Nurutkeun Pickering jeung Hoeper dina Minderop (2005, kc. 1) nu disebut fiksi téh sagala narasi dina wangun prosa atawa puisi nu mangrupa karya imajinatif.

Di sagédéngun imajinatif jeung éstétika, dina karya sastra nyampak ajén-ajén kajujuran jeung bebeneran. Koswara (2013, kc. 6) nétélakeun yén nu dimaksud kajujuran dina sastra nyaéta soal kadariaan mikir sanggeus ngaluarkeun hiji konsep. Sedengkeun nu dimaksud bebeneran dina sastra nyaéta refleksi kahirupan atawa peristiwa kahirupan nu aya, lain perkara tina hasil lamunan. Sanajan kitu, aya bebeneran nu kapanggih dina karya sastra teu faktual, teu luyu jeung kahirupan nyata. Bebeneran dina karya sastra lain perkara caritana tapi bebeneran palebah nyodorkeun watek, sikep hirup anu condong (méré

kamungkinan) kana kajadian anu bisa ditarima ku akal. Saenyana aya sifat kohéren jeung silih pangaruhan antara bebeneran dina karya jeung bebeneran dunya nyata. Sanajan kitu taya tarékah pikeun nyaruakeun dua hal éta.

Pamadegan sifat kohéren bebeneran dina karya sastra jeung bebeneran di dunya nyata téh dirojong ku Nurgiyantoro (2012) nu ngajéntrékeun yén karya sastra wangun novel minangka hiji karya fiksi nu nawarkeun hiji dunya, dunya nu eusina modél kahirupan nu ideal, dunya imajinatif...Teu enya-nya aya, sagemblengna sanajan sifatna teu kungsi kajadian, lantaran ngahaja dikreasikeun ku pangarang, dijieun mirip atawa dianalogikeun kana kajadian-kajadian, sarta kasangtukung nu aktual, nepi katingal kungsi kajadian.

Tandes, bebeneran dina karya sastra teu kudu sarua ogé disaruakeun jeung nu aya di dunya nyata. Lantaran dunya fiksi mah imajinatif, mangrupa jieunan pangarang, dibandingkeun jeung dunya nyata mah sistemna béda. Lantaran duanana ogé lumangsung séwang-séwangan.

Di tatar Sunda aya novel nu judulna *Kalajengking*, ieu novel nyaritakeun tokoh Jaka. Dicaritakeun Jaka téh salah saurang wartawan, nu ngawartakeun potrét garong nu keur buron, ngaranna Bonny. Teu kungsi lila jalma nu potrétna aya dina warta téh ngadatangan kantor redaksi. Manéhna ngaku teu rumasa ngagarong, dibuktikeun ku identitas jeung bukti-bukti nu ngarojong. Éta tokoh téh ngaku ngaranna Citra Sena, mahasiswa Akademi Teknik swasta universitas Sangkuriang, nurutkeun catetan kapulisian, can kungsi kalibet tindakan kriminal. Ieu hal nyababkeun Jaka panasaran pikeun nalungtik naha Bonny jeung Citra Sena téh dua urang nu sarua. Katambah deui nurutkeun katerangan ti kepolisian Bonny téh boga tato Kalajengking 'langir' dina leungeunna, nyemples jeung nu aya dina lengeun Citra Sena.

Di Inggris aya novel nu judulna *Study in Scarlet*. Nyaritakeun dua tokoh utama nu béda kasangtukung sarta pacabakanna. Nu hiji ngaranna Sherlock Holmes, ngakuna detektif konsultan ngan hiji-hijina di sakuliah dunya, nu hiji deui dr. Watson, salahsahiji dokter di Departemen Medis Angkatan Darat Britania Raya (Inggris) nu kakara réngsé ngajalankeun tugas ngilu perang di Afghanistan. Sherlock jeung Watson papanggih lantaran sarua butuh tempat saré di daérah London Inggris. Ieu dua tokoh téh sapuk pikeun nyéwa *flat* murah di Baker Street

No. 221B. Ti dieu mimitina tokoh dina ieu caritaan cicing saimah, nu kahareupna bakal pada babarengan matotoskeun kasus-kasus kriminal di kota London. Sabada ditalungtik Bakerstreet No.221B téh enya-nya aya sacara faktual di London. Sanajan kitu, tokoh-tokoh jeung carita dina novelna mah sakur rékaan imajinasi pangarang. Tapi, ari palebah nyodorkeun kumaha téhnik tokoh dina ngaréngsekeun kasus kriminal mah, bisa katarima ku akal.

Bagal carita tina novel *Kalajengking* karya Anna Mustikaati jeung *Study in Scarlet* karya Sir Arthur Conan Doyle, anu saméméhna ditepikeun téh mangrupa dua karya wangun novel nu medal dina basa nu béda. *Kalajengking* ngagunakeun basa Sunda minangka basa panganteurna, sedengkeun *Study in Scarlet* maké basa Inggris minangka panganteurna. Lamun ningali kumaha asupna karya deungeun ka Indonesia, salahsahiji contona *Study in Scarlet*, bisa dipastikeun di Indonesia éta karya téh dibaca dina basa aslina heula, nyaéta basa Inggris. Sanggeus kitu, kakara aya tarékah pikeun narjamahkeun karya kana basa urang, basa Indonesia. Hartina aya prosés tarjamahan karya sangkan karya ti luar bisa dibaca ku nu teu ngarti basa Inggris. Ku kituna novel *Study in Scarlet* nu dibaca ku panulis téh mangrupa novel basa Indonesia hasil narjamahkeun tina basa Inggris. Anu ditarjamahkeun ku Lulu Fitri Rahman, jadi *The First Case Of Sherlock Holmes: Studi in Scarlet*. Ngeunaan tarjamahan sastra, Bassnett jeung Lefevre dina Damono (2009, kc. 94) nétélakeun "*Translation has been a major shaping force in the development of world culture, and no study of comparative literature can take a place without regard to translation*". Cindekna, perkara tarjamahan téh mangrupa kakuatan nu geus umum dina ngawangun kamekaran kabudayaan dunya, jeung urang moal bisa ngabahas sastra bandingan, tanpa ayana tarjamahan.

Lian ti masalah dua basa nu béda, *Kalajengking* jeung *Study In Scarlet* téh lahir dina pajamanan nu béda. *Kalajengking* medal munggaran dina taun 1983 sedengkeun *Study In Scarlet* medal munggaran taun 1887. Ayana jarak leuwih ti saabad dina taun medal dua karya ieu ogé bisa jadi bahan pikeun ditalungtik. Tangtuna latar nu digunakeun dina *Kalajengking* leuwih béh dieu tibatan *Study in Scarlet* nu pangarangna mawa latar jaman *victoria*.

Nilik kana tokoh nu aya dina dua karya ieu ogé méré daya irut pikeun ditalungtik, lantaran tokoh Jaka jeung Holmes téh condong boga *motif* nu sarua, dina ayana karep nalungtik kasus kajahatan. Ongkoh bisa disebutkeun dua karya nu keur dipedar téh dumasar eusi caritana mah mangrupa novel detektif. Dasar nu jadi lantaranana nyaéta sakumaha nu ditétélakeun ku Muhtar Lubis dina Irtanti (2014, kc. 11) novel detektif téh nyaéta novel nu caritana museur kana cara ngaréngsékeun pasualan, sarta usaha néangan tanda bukti. Caritana ngaguar usaha dina ngabongkar kajahatan atawa pasualan-pasualan kahirupan nu mikabutuh bukti nu kuat. Kitu eusi carita nu kapanggih dina dua karya nu dipedar téh. Jaka nu usaha néangan bukti saha Citra Sena boga motif nu condong sarua jeung Holmes nu néangan bukti saha palaku *pembunuhan berantai*.

Tina ieu hasil idéntifikasi, kapanggih ayana bébédaan ogé sasaruana. Tina dua karya ieu téh ngirut pikeun ditalungtik. Ku kituna perlu analisis dina ngabandingkeun karya. Pikeun ngabandingkeunna perlu aya analisis sastra bandingan. Anapon nu disebut sastra bandingan numutkeun Damono (2005) nyaéta mangrupa pamarekan dina nganalisis dua novel atawa leuwih nu teu ngahasilkeun tiori sorangan tapi bisa disebutkeun sagala tiori kasusatraan bisa digunakeun dina panalungtikan sastra bandingan. Éta pamarekan jeung tiori téh disaluyukeun jeung objék sarta naon waé tujuan tina ieu panalungtikan

Dumasar kamandang Damono tadi, katitén pamarekan naon waé ogé bisa dijadikeun péso analisis objék masalah sastra bandingan, asal saluyu jeung objék sarta naon tujuan panalungtikanna.

Pikeun meunangkeun kasugemaan batin tina maca karya sastra, nu maca karya kudu maham adegan karya sastra sacara gembheng sangkan kacangking ajén bebeneran jeung kajujuran nu dipedar mimiti. Salahsahiji tarékahna bisa ngaliwatan pamarekan strukuktural. Struktural sorangan mangrupa gundukan tina sawatara unsur nu silih pakait jeung mangaruhan dina hiji karya. Salahsahiji unsur nu ngawangun karya téh diantaranya aya plot/alur, penokohan, jeung latar. Contona urang bakal maham sacara gembheng karya nu temana perjuangan ngarebut kamerdékaan sanggeus urang maham kumaha alur caritana, kumaha karep ti palaku nu aya dina carita, ogé iraha jeung dimana dicaritakeunna éta karya; tangtuna éta silih pakait jeung silih pangaruhan.

Plot/alur carita mindeng dipangaruhan ku sikep jeung karep ti palaku dina caritaan. Salian ti éta, runtuyan kajadian minangka bagian tina plot ogé bisa mangaruhan kana sikep palaku, nepika ngawangun watek palaku dina hiji karya. Ieu sawangan téh dirojong ku pamadegan Luxemburg dina Isnendes (2010, kc. 149) nu nyebutkeun plot téh nyaéta runtuyan kajadian nu disusun sacara logis jeung kronologis, silih pakait nu dilantarankeun atawa dialaman para palaku.

Panalungtikan séjén anu nalungtik perkara sastra bandingan kungsi ditalungtik kalayan judul skripsi “Babandingan Karakter Palaku Utama dina Novel *Baruang Ka nu Ngarora* jeung *Gogoda Ka nu Ngarora*” (Haryati, 2006). Ari palebah ngabandingkeun dua karya nu sa-*genre*, tapi béda basa sarta kasangtukung budayana ogé kungsi ditalungtik. Kalayan judul skripsi “Perbandingan Perwatakan dan Nilai-Nilai Moral dalam Dongeng *Frau Holle* dan *Bawang Merah Bawang Putih*: Kajian Satra Bandingan” (Laily, 2014) ti Universitas Negeri Yogyakarta.

Luyu jeung pamadegan sarta pasualan-pasualan nu geus dijéntrékeun di luhur, panulis baris ngayakeun panalungtikan nu judulna “Babandingan Plot jeung Penokohan dina Novel *Kalajengking* Karya Anna Mustikaati jeung Novel *Study In Scarlet* Karya Sir Arthur Conan Doyle” (Ulikan Sastra Bandingan).

## 1.2 Rumusan Masalah Panalungtikan

Masalah nu nyampak tina sastra bandingan kawilang euyeub tur *kompleks*. Sastra bandingan mangrupa pamarekan élmu sastra nu teu ngahasilkeun tiori sorangan. Dina panalungtikan sastra bandingan bisa maké tiori naon waé, luyu jeung objék sarta tujuan panalungtikan (Damono, 2009: kc.1). Ku kituna ieu panalungtikan ngawatesan masalah saukur kana ngabandingkeun novel *Kalajengking* jeung novel tarjamahan *Study In Scarlet* “Penelusuran Benang Merah”. Sangkan ieu panalungtikan teu lega teuing ambahanana, ieu panalungtikan diwatesanan ngeunaan ngabandingkeun plot jeung penokohan tina dua karya.

Dumasar kana watesan masalah éta, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha plot dina novel *Kalajengking* jeung novel *Study In Scarlet*?

- 2) Kumaha penokohan dina novel *Kalajengking* jeung novel *Study In Scarlet*?
- 3) Kumaha babandingan plot jeung penokohan novel *Kalajengking* jeung novel *Study In Scarlet*?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan téh pikeun maluruh kumaha patalina hiji karya jeung karya séjén tina jihat plot jeung penokohan dua karya sastra. Sapamadegan jeung Endaswara (2004, kc. 128) nu nyebutkeun yén sastra bandingan mangrupa *studi across cultural*. Anu merhatikeun hubungan hiji sastra, dumasar aspék waktu jeung tempat. Nilik aspék waktu sastra bandingan bisa ngabandingkeun dua atau leuwih periode anu béda. Sedengkeun aspék tempat ngawengku ngabandingkeun nurutkeun wilayah geografis. Cindekna maluruh kumaha patalina hiji karya jeung karya séjén.

#### 1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar kana kasang tukang nu dipedar, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngabandingkeun novel *Kalajengking* karya Anna Mustikaati jeung novel *Study In Scarlet* karya Sir Arthur Conan Doyle kalawan maluruh unsur carita sacara tekstual.

#### 1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun:

- 1) maluruh plot dina novel *Kalajengking* jeung novel *Study In Scarlet*.
- 2) maluruh penokohan dina novel *Kalajengking* jeung novel *Study In Scarlet*.
- 3) medar babandingan plot jeung penokohan novel *Kalajengking* jeung novel *Study In Scarlet*.

Sangkan kacangking ayana bébédaan atawa sasaran penokohan jeung plot tina dua karya nu rék dibandingkeun.

## **1.4 Manfaat Panalungtikan**

Ajén leuwih tina panalungtikan ieu ngawengku sababaraha aspék mangpaat, nyaéta: (1) mangpaat tina segi teoritis (2) mangpaat tina segi kawijakan (3) mangpaat segi praktik (4) mangpaat segi isu sarta aksi sosial.

### **1.4.1 Manfaat teoritis**

Mangpaat sacara teoritis anu bisa dicokot tina hasil panalungtikan nyaéta pikeun maham karya sastra tina penokohan jeung plot nu nyangkaruk. Lian ti éta ogé bisa ngeuyeuban khasanah kamekaran paélmuan hususna dina hal sastra bandingan, sarta bisa dijadikeun bahan référénsi pikeun panalungtikan anu séjén.

### **1.4.2 Manfaat tina segi kawijakan**

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi tinimbangan pikeun diayakeunna penerbitan buku-buku tiori sastra bandingan dina basa Sunda sangkan ngeuyeuban bahan literasi sastra.

### **1.4.3 Manfaat tina segi praktik**

Mangpaat sacara praktik anu bisa dicokot tina hasil panalungtikan nyaéta:

- 1) Pikeun nu nalungtik, ngajembaran paélmuan anu keur ditalungtik.
- 2) Pikeun guru basa Sunda, mangrupa alternatif dina milih bahan pangajaran sastra di sakola.
- 3) Ngeuyeuban sarta jadi alternatif bahan pangajaran sastra di Departemen Pendidikan Bahasa Daerah hususna dina mata kuliah pilihan sastra bandingan.

### **1.4.4 Manfaat tina segi isu sarta aksi sosial**

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun salahsahiji cara ngukur ajén jeung kualitas karya sastra dina basa Sunda dibandingkeun jeung karya sastra luar.

## **1.5.1 Sistematika Tulisan**

Sistematika dina ieu skripsi ngawengku lima bab, kalayan wincikan anu dipedar di handap.

Bab I eusina kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus,

mangpaat panalungtikan nu ngawengku mangpaat tioritis, mangpaat tina segi kawijakan, mangpaat tina segi praktik sarta mangpaat tina segi isu sarta aksi sosial jeung nu pandeuri, sistematika tulisan.

Bab II eusina tiori-tiori nu jadi dadasar dina panalungtikan. Bab ieu eusina ulikan pustaka, nu mangrupa landasan tioritik dina nyusun rumusan masalah tur ngajawab tujuan tina ieu panalungtikan.

Bab III eusina desain panalungtikan, métode panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrument panalungtikan, jeung sumber data.

Bab IV eusina ngeunaan deskripsi tur analisis data atawa analisis tina objék nu ditalungtik.

Bab V eusina perkara kacindekan hasil deskripsi tur analisis objék, sarta méré saran atawa rékomendasi ka pihak nu rék nalungtik hal nu sarupa.